

Divizyon Kondisyon Travay (Division of Labor Standards)

Enfòmasyon sou yon Konferans Divizyon Kondisyon Travay sou Konfòmite

Kisa yon Konferans sou Konfòmite ye?

Yon Konferans sou Konfòmite se yon reyinyon enfòmèl pou diskite sou rezilta ankèt Kondisyon Travay. L ap eseye korije vyolasyon lwa travay. Objektif li se pou fè medyasyon nan yon konfli ant yon patwon ak yon anplwaye.

Kilè yo pwograme yon Konferans sou Konfòmite?

Yo kapab pwograme yon Konferans sou Konfòmite anvan oswa pandan yon ankèt. Anjeneral, yo pwograme li sou demann patwon an apre Kondisyon Travay remèt yon avi konsènan rezilta ankèt. Nan kèk ka, Kondisyon Travay ka pwograme yon Konferans sou Konfòmite, menmsi patwon an pa mande youn.

Kisa k ap pase nan yon Konferans sou Konfòmite?

Toudabò, Kondisyon Travay ap prezante rezilta ankèt li. Answit, patwon an ka prezante enfòmasyon oswa prèv li pa t soumèt anvan. Lè yo bay nouvo dosye nan yon konferans sa ka fè yo poze kesyon sou rezon ki fè patwon an pa t bay yo pandan ankèt la. Finalman, Ofisye Konferans sou Konfòmite a ap fè yon rekòmandasyon toulède moun ki konsène yo nan yon efò pou rezoud yon ka. Rekòmandasyon an pa obligatwa pou moun ki patisipe nan konferans lan. Paske konferans lan enfòmèl, Ofisye Konferans sou Konfòmite a pa kenbe yon dosye ladan.

Kimoun ki patisipe nan yon Konferans sou Konfòmite?

Patwon an ak moun (yo) ki te fè plent lan (ki rele moun ki fè plent) patisipe ladan. Yo ka mande moun ki anplwaye nan moman an oswa ansyen anplwaye, Divizyon an kwè ki touche salè pou yo patisipe. Yon reprezantan yon moun ki fè plent oswa patwon an ka patisipe tou. Konferans lan se yon okazyon pou bay enfòmasyon sou yon reklamasyon ak/oswa travay. Li enpòtan pou patisipe. Sèvis entèpretasyon disponib pou patwon yo ak moun ki fè reklamasyon yo.

Èske patwon yo oswa moun ki fè reklamasyon yo bezwen yon avoka, oswa èske yo dwe fè deklarasyon sou sèman?

Li pa obligatwa pou gen yon avoka prezan, men patwon yo pran yon avoka souvan. Yon moun ki fè reklamasyon ka gen yon reprezantan tou. Reprezantan sa a pa yon patisipan nan konferans lan. Patisipan yo pa gen pou yo fè deklarasyon sou sèman, men tout moun gen obligasyon pou yo di laverite.

Kisa k ap pase apre yon Konferans sou Konfòmite?

Si rezilta konferans lan se yon akò pou peye salè, dedomajman, ak/oswa sanksyon, Depatman Travay ap distribiye peman an ba moun ki fè reklamasyon yo. Si yo pa jwenn yon akò, Kondisyon Travay ka bay yon Lòd sivil pou Konfòmite kont patwon an. Patwon an kapab konteste lòd la. Pou fè sa, li ka mande yon odyans fòmèl devan Komite Kontestasyon Relasyon Endistriyèl (Industrial Board of Appeals).

Kisa k ap pase si yon moun ki fè reklamasyon pa kapab patisipe oswa si yon patwon bezwen re-pwograme yon Konferans sou Konfòmite?

Yon moun ki fè reklamasyon ki pa kapab patisipe ta dwe kontakte Kondisyon Travay imedyatman nan nimewo (888) 469-7365 pou pale avèk anketè a. Si yon moun ki fè reklamasyon pa prezante sa ka fè li pi difisil pou Depatman an touche salè patwon an dwe a. Anba kèk sikonstans, patwon yo ka gen pèmasyon pou re-pwograme yon konferans.

Kisa moun ki fè reklamasyon yo oswa patwon yo ta dwe pote nan yon Konferans sou Konfòmite?

Moun ki fè reklamasyon yo ta dwe pote nenpòt enfòmasyon oswa dokiman pou kore yon reklamasyon. Yo ta dwe pote avi ki montre dat ak lè konferans lan. Patwon yo ta dwe pote nenpòt prèv dokiman pou kore pozisyon yo. Patwon yo ta dwe pote enfòmasyon ki montre yo konfòme yo avèk Lwa Travay.